CIVIC ACTION TEAMS


# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #९१

२७ ।९ ।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथै हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## २०७४ सालमे सम्पन्न भेल विभिन्न तहके मतदानमे सुनिश्चित जनानीके सहभागिता




सामाजिक समावेशीके दृष्टिकोणसँ देखलापर मधेशी आ दलितके प्रतिनिधित्व क्रमशः स्थानीय तहमे १६% आ २४%, प्रदेशसभामे १८% आ ६%, प्रतिनिधिसभामे १७% आ ७%, राष्ट्रियसभामे ८% आ १२% छै । मतदान व्यवस्थापनमे लैंगिक तथा समावेशी नीति, २०७७ एलाके बाद आब आबवला मतदानमे जनानीके सहभागिताके कते गम्भीर रुपमे देखल जेतै से देखनाई बाँकी छै । लेकिन, एकर महत्वके बारेमे वहस करके समय मुदा अखने छै ।

स्रोतः https://www.election.gov.np/uploads/content/1609994187_np.pdf

## नेपाल अपडेट



अपांगता भेल आदमीके अपांगता परिचयपत्र बाँटैत

चित्रः मञ्जु रोक्का

**परिक्षण**

पिसिआर परिक्षणः १९,८७,५५५


पोजेटिभः २,६५,२६८

उपचाररतः ४,३७३

मृत्यु : १,९२७

सन्चो भएका : २,५८,९६८






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

# हल्ला र तथ्य



बैशाखमे चुनाव हेतै कहैत छै । उमेर के हिसाब सँ हम अई माघमे १८ वर्ष पहुचक मतदानके लेल योग्य हेबै । लेकिन, हम सुईन रहल छी जे, हम अईबेर मतदान कर नै पाएब कहादन ।

मतदानके लेल योग्य आदमीके मतदाता नामावलीमे नाम दर्ता भेल होब पड़ैत छै । मतदाता नामावली ऐन, २०७३ अनुसार निर्वाचनके मिति घोषणा भऽ गेलाके बाद ओई मतदान प्रयोजनके लेल मतदाता नामावलीमे नाम दर्ता कर नै मिलै छै । अईके लेल २०७७ साल पौष ५ गते तकके मतदाता नामावलीके लेल नाम संकलन भऽ ओही मितिमे १८ वर्ष उमेर पुगल होब पड़ै छै ।


स्रोत: https://www.mofaga.gov.np/news-notice/2267



कोरोनाके खोप लगाबके लेल सरकार विवरण संकलन कऽ रहल छै कहादन ।

खोप प्राप्त भऽगेलाके बाद पहिल चरणमे अग्रपंक्तिमे खटवला सरकारी, गैर सरकारी तथा नीजि अस्पताल, स्वास्थ्य संस्था लगाएत सब प्रकारके आ सब तहके आरो स्वास्थ्य संस्थामे कार्यरत स्वास्थ्यकर्मी, कर्मचारी तथा जनानी स्वास्थ्य स्वयं सेविकाके खोप लगाबके निर्णय अई सँ पहिलेही भऽचुकल छै । तसर्थ, पहिल चरणके खोप लगाबके प्रयोजनके लेल स्वास्थ्य सेवा विभाग ओई आदमीके अद्यावधिक विवरण संकलन कऽरहल छै ।

स्रोत: https://cutt.ly/xjz4m4s



प्राय म्यानपावर कम्पनी शुरुएमे सक्कली राहदानी मांगैत छै । किछ त राहदानी जफत कऽक रखैत अछि । कि प्रकृयाके लेल राहदानी शुरुएमे चाही ?

शुरुमै सक्कली राहदानी कोनौ भी आदमी या म्यानपावर कम्पनीके नै बुझाबके चाही । जँ जरुरीए परै त प्रतिलिपी बुझाब पड़ैत छै । वैदेशिक रोजगारीमे जायवलासभके अन्तरवार्तामे छनौट भेलाके बाद मात्रे म्यानपावर कम्पनीके अपन सक्कली राहदानी बुझाब पड़ैत छै । शुरुएमे राहदानी बुझेलापर ठगाएके सम्भावना बेसी भेला सँ तेना नै कर वैदेशिक रोजगार विभाग सबके आग्रह केने छै ।

स्रोत: https://dofe.gov.np/DetailPage.aspx/id/170/lan/ne-NP



अखनो तक कोभिड - १९ के बहानामे आरो रोगके बिमारीके स्वास्थ्य सेवा नै भेटरहल छै । आब त अवस्था सामान्य भेल, नै ?

अवस्था सामान्य होईत गेलाके बादो कोभिड - १९ सँ बच स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड अपनेनाई ओतबे जरुरी छै । समग्र स्वास्थ्य सेवाके मध्यनजर कऽक स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय अई सम्बन्धमे निर्णय केने छै । जै अनुसार, सब अस्पतालसभ सँ प्रदान भऽरहल सब गैर कोभिड सेवा हमेसा जेहन नियमित प्रदान करके व्यवस्था मिलाब पड़त आ कोभिडके लेल निर्धारित अस्पतालके कोभिड आ गैर कोभिड सेवासभ समेत नियमित प्रदान कर पड़त ।

स्रोत: https://cutt.ly/rjz4Mr7

WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु

२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19

को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन

viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ


३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरब | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| ३,६३,८०९ संक्रमित | १,५४,३१४ संक्रमित | ९५,५५८ संक्रमित | १,४५,८६५ संक्रमित | २,३०,५७८ संक्रमित | १,३०,६०८ संक्रमित | १,३५,९९२ संक्रमित | ६९,११४ संक्रमित |
| ५,८०० नेपाली संक्रमित | २,३५० नेपाली संक्रमित | ४५१ नेपाली संक्रमित | २८,२५० नेपाली संक्रमित | ५,३५० नेपाली संक्रमित | ३०० नेपाली संक्रमित | २१०० नेपाली संक्रमित | २९ नेपाली संक्रमित |
| ८८ मृत्यु भएका नेपाली | १२ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | १८ मृत्यु भएका नेपाली | ३९ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | १ मृत्यु भएका नेपाली | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

**ShramikSanjal**

## मध्यपूर्वके किछ देश आ कतार बीचके आवागमन सहज बनैत

### मध्यपूर्व

लम्बा समय सँ बन्द रहल मध्यपूर्वके किछ देश आ कतार बीचके सामुद्रिक, हवाई, जमिन सँ जुड्ल सीमासभ फेर सुचारी भेल छै । विशेष कलक साउदी अरब आ यूएई सिमा खुल्ला कैने घोषणा कैने संगे उडानसभ सूचारू हेतै । अईके बाद कतारसँगेके आवाजाही सहज हेतै ।

### नेपाल

अनलाईनसँ फेर श्रम स्वीकृति पूर्णरुपमे शुरु होईतो बहुते श्रमिक मित्रसभके अपन युजर आईडि आ पासवर्ड बिसरलाके कारण सँ बहुते समस्या भेल छै । अईके समाधानके लेल वैदेशिक रोजगार विभाग सँ देने ढाँचा अनुसार निवेदन लिखक नेपालमे भेल अवस्थामे वैदेशिक रोजगार विभागके कार्यालयमे जाय पड्त त, विदेशमे रहलापर विदेश स्थित कुटनैतिक नियोगमे जाय परत ।

**www.facebook.com/shramik.sanjal** सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय **(8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight)** मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी ।

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## २०७७ साल श्रावण मसान्त सम्म कोभिड - १९ को सन्दर्भमा भएको जम्मा खर्च

**१३ अर्ब ३७ करोड**

| संघिय सरकार | प्रदेश सरकार | स्थानीय सरकार | प्रधानमन्त्री कोरोना रोकथाम तथा उपचार कोष |
|---|---|---|---|
| ३६% | ११% | ४५% | ८% |

## संघिय सरकारमा भएको खर्च शिर्षक

औषधी तथा स्वास्थ्य उपकरण
रु. १,७५,५२,४०,०००


क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन
रु. ४,६९,४६,०००

स्वास्थ्य बीमा
रु. २,९३,८८,९६,०००

अन्य
रु. १,२४,७३,०००

मानव स्रोत साधन परिचालन
रु. ५,७४,४३,०००

## प्रदेश सरकारले गरेको खर्च




accountabilitylab NEPAL

# वैदेशिक रोजगारी सँ गामे मे दोब्बर आम्दनी




गुल्मीके रेसुंगा नगरपालिका वार्ड नम्बर १० सिमिचौरके राजन कुवँर सन् २०१० मे वैदेशिक रोजगारीके क्रममे मलेसिया गेलाह । ५ कोईके परिवारके पालके जिम्मेवारी आ दैनिक गुजारा चलेला सँ बढिरहल ऋणके भारीके कम कर ऊ वैदेशिक रोजगारी चुनलक । म्यानपावर कम्पनी मार्फत मलेसिया पहुचल राजनके सम्झौता भेल अनुसारके पैसा नै भेटल । अमेरिकन कम्पनी जावेल टेक्नोलोजीमे ५ वर्ष काम केलाके बाद ऊ होटल मे काम कर लागल । शुरुमे बहुते दुःख कलक जेनातेना मासिक २० सँ २५ हजार बचाक घर पठारहल हुनकर रोजगार कम्पनी परिवर्तन केलाके बाद कमाई सेहो बढलै ।

२०७६ फाल्गुनके २४ गते छुट्टीमे नेपाल आएल राजन कोरोना महामारीके बाद बन्दाबन्दीमे परलाह । हवाई यातायात बन्द भेलै । तेकर बाद ऊ मलेसिया जायके अवस्था नै रहलै । हुनकर भिषा अगष्ट १८ तक रहलाके कारण महामारीके बीचेमे ओकर अवधी सेहो खतम भऽगेलै । कोरोना महामारीसँ वैदेशिक रोजगारी गुमेलाके बाद ५ कोईके परिवार केना पालव कहिक चिन्ता हुनका सतावए लागल । देशेमे सम्भावना खोजके सिलसिलामे ऊ सामूहिक कृषि करके योजना बनौलाह ।

वैदेशिक रोजगारीसँ फिर्ता आएल साथीसभ टोप बहादुर कुवँर, फर्सुराम कुवँर, रवि कुवँर, सुभाष कुवँर आ टेकराज कुवँरसँगे मिलक सिमिचौर मे ६ वर्ष सँ बाँझ रहल ५ विघा सवा ८ कठ्ठा जमीन १० वर्षके लेल किरायामे लऽक सामूहिक तरकारी खेती कर लगलाह । अखन बारीमे बन्दा, साग, टमाटर, मुरई आ गाजर उत्पादन भऽ रहल छै । उत्पादन भेल तरकारी रेसुंगा नगरपालिकाके हाटबजारमे बेचेलाके कारण बजारीकरणके सेहो समस्या नै छै ।



विदेशमे करवला श्रमके ६० प्रतिशतमात्रे मेहनत केला सँ पुगनाई आ कमाई सेहो दोब्बर सँ बेसी होब लगलाके बाद राजन लगाएत हुनकर साथीसभ गामे मे सामुहिक तरकारी खेतीमे रमा गेल छैथ । वैदेशिक रोजगारीसँ वार्षिक ४ सँ ५ लाख रुपैयाँ कमा रहल राजन गामे मे कमे मेहनतमे बहुते कमाई होब लगला सँ गदगद भेल छैथ ।

# फ्रन्टलाईनर्स भोईसेस



## बिमला कुमारी चौलागाई शर्मा

उप-प्रमुख, धुलिखेल नगरपालिका, काभ्रेपलान्चोक

"कोभिड विरुद्धके अग्रमोर्चमे खटिक काम करके दौरान हम अपने कोरोना संक्रमित भेलौ । लेकिन, कोरोना संक्रमणसँ मुक्त होईतो हम नगर भितर जनताके सुरक्षाके लेल निरन्तर खटैत रहलौ । जनानी भेला सँ जनानीके समस्या हमरा आरो बेसी चिन्तित बनाबैत अछि । तै सँ, कोरोना कहरमे समस्यमे रहल गर्भवती आ प्रसौती जनानीसभके लेल व्यक्तिगत खर्चमे नगरके सब वार्डमे जालक १२० टा गर्भवती आ प्रसौती जनानीसभके राहत बटलौ । "

## रबिन्द्र कर्माचार्य

वडा अध्यक्ष, धुलिखेल नरगपालिका वडा नं ४, काभ्रेपलान्चोक

"हमर वार्डमे दैनिक मजदुरी करवला वर्ग बहुते बसोबास करला सँ हुनक( ासभके समस्याके नजिकस पहिचान कलक चरण चरण मे राहत वितरण कएल गेलै । अखन बहुतेकोई कोरोनाके प्रभावके बिसैर गेलै जेना लगैय । बन्दाबन्दीमे सबसँ बेसी समस्या मजदूर वर्गके परल छलै । कतौ किन्हको कोनो समस्या परलापर तुरन्त वार्डमे सम्पर्क कर सकै कहिक अपन आ वार्ड सदस्य सभके नम्बर दलक घरघरमे सचेत करैत हम अपने गामगाम खटलौ । घरमे खाना नै छै कहिक फोन करवलाके घरमे हमसभ राहत ललक पहुचल छलौ । "






## कृष्ण बहादुर आले मगर

अहेब्व, धुलिखेल प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र

"कोरोनाके समयमे स्वास्थ्यकर्मीके जेहन कठिनाई आरो केकरो नै भोग परलै । शुरुके समयमे प्राय: आदमीसभ त्रसित भेला सँ जोखिम मोईलोक निरन्तर काममे लागल रहल । लेकिन, सुरक्षाके कोनो भी उपकरण पाब नै सकल छलै । पिपिई लगाएत मास्क, चिरफार करकाल लगाबवला पञ्जा बजारमे नै भेटै छलै । अखन हमसभ सप्ताहमे उक दिन अई स्वास्थ्य केन्द्रमे कोभिड - १९ के परिक्षणके लेल स्वाब संकलन करवला काम कलरहल छी । स्वाब संकलन केनाई ओते आसान काम नै छै । लेकिन, अखन अवस्था सामान्य भलरहल छै । "

सही सूचना

# नेपालमे २०७७ साल पुष २६ गते तक प्रदेश अनुसार कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निक भेल आ मृत्यु भेलसभके संख्या




उपरके रेखाचित्रमे प्रदेशगत कोभिड - १९ सँ संक्रमितके संख्याके देखाओल गेल छै । सब सँ बेसी कोभिड - १९ के सकृय संक्रमित, निक भेल आ मृत्यु भेलसभके संख्या बागमती प्रदेशमे छै । तहिना कलक, कुल मे सँ ५४ प्रतिशत निक होबवलाके संख्या, ५० प्रतिशत मृत्यु होबवलाके संख्या बागमती प्रदेश मे छै । देश सामान्य अवस्था दिस अग्रसर भलरहल समय मे, बागमती प्रदेश तहुमे सेहो काठमाण्डौ उपत्यका अखनो तक कोभिड - १९ के जोखिममे छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219